



SANT KI BAY LISANS NAN DEPATMAN AFÈ KONSOMATÈ
 [DEPARTMENT OF CONSUMER AFFAIRS (DCA) LICENSING CENTER]
 42 Broadway | New York, NY 10004
 Lendi-Vandredi: 9:00 a.m.-5:00 p.m. | Mèkredi: 8:30 a.m.-5:00 p.m.
 Telefòn: 311 (212-NEW-YORK si ou pa nan Vil New York)
 nyc.gov/consumers | @NYCDCA

Lis Tout Dokiman ki Obligatwa pou Aplike pou Lisans: Vandè Modènizasyon Kay (Endividyèl)

Kimoun ki Dwe Gen yon Lisans Vandè Modènizasyon Kay?

Ou dwe gen yon lisans Vandè Modènizasyon Kay si w ap negosye oswa si ou ofri pou negosye yon kontra pou modènize kay avèk yon pwopriyete kay.

Deskripsyon sa a se sèlman yon eksplikasyon jeneral konsènan moun ki dwe gen yon lisans Vandè Modènizasyon Kay. Gade dokiman ou jwenn yo nan ki gen Lwa/Règ pou Bay Lisans.

Lis Rapid Kondisyon pou Aplikasyon

- Aplikasyon pou Lisans Endividyèl Debaz
- Foto Moun ki Aplike pou Lisans lan
- Egzamen Modènizasyon Kay ak Frè \$50 dola pou Egzamen an
- Anprent Dijital ak Frè \$75 dola pou Travay sou Dosye a (*si li nesèsè*)
- Delegasyon Afimasyon Otorizasyon pou Pran Desizyon (*si li posib*)
- Frè pou Lisans lan (Gade tablo ki nan paj 3.)

Gade seksyon Kondisyon pou Aplikasyon pou jwenn deskripsyon yo an detay.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Vil oswa Eta Ou Ka Bezwen:

Si ou fè konstwiksyon, reparasyon, remodelaj, oswa si ou ajoute pyès nan nenpòt teren oswa bilding kote moun abite, ou dwe jwenn yon lisans *Antreprenè Modènizasyon Kay* tou nan DCA.

Metòd pou Soumèt Aplikasyon



Ale sou sitwèb www.nyc.gov/BusinessToolbox pou soumèt aplikasyon ou sou entènèt avèk sèvis Vil la sou entènèt. **Nòt:** Pou kounye a, sèvis la disponib avèk yon laptop oswa yon òdinatè biwo sèlman.

OSWA



Aplike fas-a-fas nan DCA Licensing Center, 42 Broadway, nan Manhattan, ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi, madi, jedi ak vandredi, epi mèkredi ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m.

Sèvis Tradiksyon

Si ou pa pale lang Anglè oswa si ou pa konprann li, tanpri fè nou konnen sa lè ou rive nan Sant Distribisyon Lisans lan epi n ap ba ou sèvis tradiksyon.

Aranjman Rezonab

Pou mande yon aranjman ki gen pou wè ak andikap, tanpri ranpli epi soumèt Fòm Demann Aranjman pou Moun Andikape (ki nan anvlòp la). Ou kapab rele Kowòdonatè Lwa Anfavè Ameriken Andikape [Americans with Disabilities Act (ADA)] DCA tou nan nimewo (212) 436-0154 pou mande fòm nan.

Kondisyon pou Aplikasyon

Lè Soumèt Aplikasyon Ou pou Lisans DCA:

Anba la se kondisyon ou dwe satisfè lè w ap soumèt aplikasyon ou pou lisans. Si ou pa soumèt tout dokiman yo, w ap jwenn refi pou aplikasyon ou.

- **Aplikasyon pou Lisans Endividyèl Debaz** (li anekse).
- **Foto Moun ki Aplike pou Lisans lan** (yon kopi).
Fas-a-Fas: DCA ap fè foto moun ki aplike pou lisans yo gratis nan Sant Distribisyon Lisans lan. Ou kapab soumèt yon foto koulè ki gen gwo foto paspò.

Sou Entènèt: Moun ki aplike pou lisans yo kapab telechaje yon fichye imaj ki gen kalite foto paspò dijital. Yon kamera dijital ki gen yon rezolisyon 1 mega-piksèl ap bon.

- **Egzamen Modènizasyon Kay ak Frè pou Egzamen an.**
Ou dwe ale nan Sant Distribisyon Lisans DCA (DCA Licensing Center) ant 9:00 a.m. ak 3:00 p.m., lendi jiska vandredi pou fè Egzamen Modènizasyon Kay. Egzamen an gen 30 kesyon ladan. Ou dwe reponn omwen 21 kesyon kòrèkteman pou pase egzamen an. Frè \$50 dola pou egzamen an apa avèk frè pou lisans lan, epi li pa ranbousab. Si ou pa pase egzamen an de fwa, ou dwe peye frè pou egzamen an ankò pou ou kapab refè egzamen an.

Nou mete yon **Gid Egzamen Modènizasyon Kay** nan blòk dokiman sa a pou ede ou prepare pou egzamen an.

ENPÒTAN:

- Ou dwe pase egzamen an nan 30 jou apre dat ou soumèt aplikasyon ou, sinon w ap jwenn refi pou aplikasyon ou.
- Yon moun ki aplike gen obligasyon sèlman pou pase egzamen yon fwa, menmsi moun sa a aplike pou yon lisans Antreprenè Modènizasyon Kay.

- **Anprent Dijital ak Frè pou Nou Travay sou Dosye.**

Ou dwe fè anprent dijital ou nan Sant Distribisyon Lisans (DCA Licensing Center).

EKSEPSYON: Nenpòt moun ki te fè anprent dijital epi ki te bay anprent lan pou yon lisans DCA ki valab nan dènye twa (3) ane yo pa bezwen fè anprent dijital ankò. Ou dwe ale nan Sant Distribisyon Lisans (DCA Licensing Center), epitou ou dwe peye yon frè \$75 dola pou yo travay sou dosye ou.

N ap tcheke anprent dijital ou pou nenpòt dosye kriminel ou ka genyen. Sonje yon kondanasyon ou te jwenn p ap nesèsman anpeche ou resevwa yon lisans. Men, si ou pa devwale yon kondanasyon, sa kapab lakòz ou jwenn refi pou aplikasyon ou.

- **Delegasyon Afimasyon Otorizasyon pou Pran Desizyon** (li anekse).

Si se yon moun ki pa moun ki aplike pou lisans k ap prepare ak soumèt aplikasyon sa a, moun ki aplike pou lisans lan dwe soumèt yon Delegasyon Afimasyon Otorizasyon pou Pran Desizyon. **Nòt:** Moun ki aplike a dwe siyen tout dokiman obligatwa yo.

- **Frè pou Lisans lan.**

Tablo ki anba la a bay kantite lajan ou dwe a selon lè ou soumèt aplikasyon pou lisans ou. **Nòt:** Yon ane enpè se nenpòt ane ki fini avèk yon chif enpè; pa egzanp, 2015. Yon ane pè se nenpòt ane ki fini avèk yon chif pè, pa egzanp, 2016.

Frè pou Lisans pou Vandè Modènizasyon Kay			
Dire Lisans lan	Dat Ekspirasyon Lisans lan	Si Ou Soumèt Aplikasyon Ou Ant Dat Sa yo:	Frè pou Peye pou Lisans Ou se:
2 ane	28 Fevriye Ane enpè	Ant 1ye mas nan yon ane enpè ak 31 out nan yon ane enpè	\$50
		Ant 1ye septanm nan yon ane enpè ak 28 oswa 29 fevriye nan yon ane pè	\$38
		Ant 1ye mas nan yon ane pè ak 31 out nan yon ane pè	\$25
		Ant 1ye septanm nan yon ane pè ak 28 fevriye nan yon ane enpè	\$13 OSWA *\$63

*Si ou aplike nan sis (6) mwa apre dat lisans lan ekspire, ou kapab peye yon frè ki pwopòsyonèl pou rès tan lisans lan plis tout frè pou renouvle lisans lan pou pwochen trimès la. Si ou peye toulède frè yo, ou p ap bezwen renouvle lisans lan jouk nan fen pwochen peryòd lisans lan.

Peman Frè a

Sant Distribisyon Lisans DCA aksepte peman avèk kat kredi (Visa, MasterCard, American Express, and Discover Card) oswa avèk chèk oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non NYC Department of Consumer Affairs (Depatman Afè Konsomatè Vil New York).

Si ou soumèt aplikasyon ou sou entènèt, ou dwe peye frè a avèk yon kredi kat yo rekonèt.

Nòt: Ou ka gen pou peye yon frè itilizasyon 2.49% pou peman avèk kat kredi yo. Yo p ap ranbouse ou peman an. Sizoka peman kat kredi a asosye a anile, ranbouse, kredite oswa rejte, ou dwe kontakte konpayi kat kredi ou pou konteste frè itilizasyon an.

Lòt Resous pou Vandè Modènizasyon Kay

Blòk dokiman sa a gen ladan resous ki endike anba la yo pou ede vandè yo konnen lalwa ak responsablite yo:

- **Dokiman Lwa/Règ pou Bay Lisans (Biznis Modènizasyon Kay)**
- **Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay**
- **Modèl Estimasyon ak Kontra Final pou Modènizasyon Kay**
- **Gid Konsomatè konsènan Modènizasyon Kay**